

3 mas

Donk, veye ! Paske nou pa konnen ni jou ni lè, Pitit Lòm nan ap vini ! Matye 25. 13

Si yon moun pa gen Lespri Kris, moun sa a pa pou Kris. Women 8. 9

**(Jezi di :) Wi, m ap vini talè konsa.
– Amèn ! Wi Senyè Jezi, vini non !** Revelasyon 22. 20

Dis fi vyèj yo

Kèk parabòl ; Matye 25. 1-13

Rezime : Se te yon jou maryaj. Yo selebre nòs yo pandan frechè lannwit la. Mesye marye a dwe avanse bò sal festen an, avèk dis jenn fi ki akòste l pou fòmè kòtèj onè a. Men mesye marye a t ap mize pou li vini, epi dòmi pran jenn fi yo... Nan mitan lannwit lan, yo tandè yon rèl : “Gade, men lemarye a ap vini !” Yo tout te vle limen lanp yo, men senk nan yo pa t gen lwil. Pandan yo al achte, mesye marye a antre nan sal la ak sa yo ki te gen lwil, “sa yo ki te entelijan” yo. Lòt yo jwenn pòt la fèmen.

Siyifikasyon : Mesye marye a, se Kris la ki gen pou retounen, pou li pran kretyen yo ak li nan syèl la. Dis jenn fi yo se yon imaj moun yo rele kretyen. Somèy yo a, se lè ou bliye reyalite Kris la va tounen, pandan syèk krisyanis la. Rèl pandan lannwit la, se anons ki pa fè twò lontan nan istwa legliz la : “Senyè a ap vini !”. Lanp yo, se temwayaj kretyen yo, epi lwil la, se lavi divin e Sentespri a pote.

Aplikasyon : Fòk nou pare pou lè Senyè a va vini, avan ke li twò ta. Sa pa sifi lè w ap viv ak kretyen, fòk ou genyen lavi Bondye a, pa mwayen repantans ak lafwa nan Senyè Jezi. Lè li va vini chèche moun pa li yo, pap gen okenn delè pou yon moun al prepare ! Lè sa a, pòt la ap deja fèmen.

Se jodi a pou nou kwè, demen pa pou nou. Se pou nou menmjan ak jenn fi “entelijan” yo !

3 mars

Veillez donc ; car vous ne savez ni le jour ni l'heure.

Matthieu 25. 13

Si quelqu'un n'a pas l'Esprit de Christ, il n'est pas de lui.

Romains 8. 9

(Jésus dit :) Oui, je viens bientôt.

- Amen ; viens, Seigneur Jésus ! Apocalypse 22. 20

Dix jeunes filles

Quelques paraboles ; Matthieu 25. 1-13

Résumé : C'est un jour de mariage. Les noces sont célébrées dans la fraîcheur de la nuit. Le marié doit s'avancer vers la salle du festin, escorté par dix jeunes filles formant un cortège d'honneur. Mais le marié tarde à venir, et les jeunes filles s'endorment... Au milieu de la nuit un cri retentit : "Voici l'époux !". Elles veulent toutes allumer leur lampe, mais cinq d'entre elles n'ont pas d'huile. Pendant qu'elles s'en procurent, le marié arrive et entre dans la salle avec celles qui avaient de l'huile, les "sages". Les autres trouvent la porte fermée.

Signification : L'époux, c'est le Christ qui va revenir prendre les croyants avec lui dans le ciel. Les dix jeunes filles sont une image de ceux qui portent le nom de chrétiens. Leur sommeil, c'est l'oubli, pendant les siècles du christianisme, de la réalité de ce retour du Seigneur. Le cri dans la nuit, c'est l'annonce relativement récente dans l'histoire de l'Église : "Le Seigneur vient !". Les lampes, c'est le témoignage des chrétiens, et l'huile, c'est la vie divine apportée par le Saint Esprit.

Application : Il faut être prêt pour la venue du Seigneur, avant qu'il ne soit trop tard. Il ne suffit pas de vivre avec des chrétiens, il faut avoir la vie de Dieu, par la repentance et la foi au Seigneur Jésus. Quand il viendra chercher les siens, il n'y aura aucun délai pour se préparer ! Aussitôt, la porte sera fermée.

C'est aujourd'hui le moment de croire, demain ne nous appartient pas. Soyons comme les jeunes filles "sages" !

Suite des paraboles les 12 prochaines semaines